

SAJAK SUNDA

Pangajar : Arinaryani Suryani, S.Pd.

Kaasup jenis sajak naon ieu teh? Pek iserkeun atawa garisan ku jidar !

KELOMPOK : _____
NAMI ANGGOTA : _____

1. _____
2. _____
3. _____
4. _____
5. _____
6. _____

SAJAK EPIK

SAJAK LIRIK

JANTÉ ARKIDAM

Sajak Ajip Rosidi

Panonna beureum siki saga
Leungeunna seukeut lalancip gobang
Niplasan badan dahan gedang
Arkidam, Janté Arkidam

Di pangaduan di kalangan ronggeng
Ngan hiji jagoan
Arkidam, Janté Arkidam

Ti peuting angkeub ku mendung
Janté raja alam peteng
Matek aji panarawangan
Manjing ka liang sasoroting sinar
Jariji beusi pakgadé miley ku ramona

Ti peuting ngadalingding wangi
Janté raja dina tayuban
Ngagakgak seuri ngibingan ronggeng

'Mantri pulisi, ngalieuk ka ieu!
Bantingkeun kartu bantingkeun dadu!
Wadana, ulah nundutan di dinya!
Urang ngibing jeung kula, Janté Arkidam!'

Silih teuteup
wadana jeung mantri pulisi:

'Janté, Janté Arkidam
Ngabongkar pakgadé peuting tadi
Ayeuna makalangan di nu tayuban!'

'Enya, kula Janté Arkidam
Sing saha nu wani maju rék ditigas
Leungeun kula lalancip pedang!'

Ngahéphép sapanglalajoan
Neuteup ka Janté nu matana ngembang wéra

'Ku naon neuteup ka kula?
Teruskeun ngibing, peuting nyérélék béak!'

AUDITORI :
JANTE
ARKIDAM

KINESTETIK
JANTE
ARKIDAM

TANAH SUNDA

Sajak Ajip Rosidi

Héjo pagunungan
Paul lautan
Héjo
Paul
Langit na haté kuring

Masing di mana kuring nangtung
Masing ka mana kuring leumpang
Tanah lémbok tempat bumetah
Angin nyéot nyiuman tarang

Masing di mana anjeun nunjuk
Masing iraha anjeun cumeluk
Kuring mo mungpang kuring rék datang
Neueulkeun tarang neueulkeun jantung

Kuring tungtung teuteupan
Kuring tungtung
Teuteupan
Tungtung bedil
Ngincer dada

Kuring geus nyaksian getih ngabayabah Getih
maranéhanana nu mikacinta anjeun Kuring geus
nyaksian panon carelong tanggah Jasad nu ruksak
ngalungsar na dada anjeun

Héjo pagunungan paul lautan
Taya kamarasan ngan katugenahan
Héjo pagunungan paul lautan
Taya katengtreman ngan ancaman

Ngan lantaran kuring cinta
Ngan lantaran kuring tresna
Langit hibar lembur musnah
Jalan lecek ngabalungbung ka kota

Kembang beureum buah biru
Kembang wéra kembang jayanti
Tanah tempat kuring sideku
Ngurugan mun kuring tepi ka pati

AUDITORI :
TANAH
SUNDA

KINESTETIK
TANAH
SUNDA

Tengetan naon bedana sajak epik jeung sajak lirik!

SAJAK EPIK	SAJAK LIRIK
1.	
2.	
3.	
4.	
5.	

Tuliskeun unsur-unsur pangwengku tina sajak diluhur!

UNSUR PANGWENGKU SAJAK		JANTÉ ARKIDAM	TANAH SUNDA
ADEGAN LAHIR	ADEGAN BATIN		
Wangun Sajak (Tipografi)			
Pilihan Kecap (Diksi)			
Citraan (Imaji)			
Gaya Basa (Figurati)			
Purwakanti			
	Jejer (sense)		
	Rasa (feeling)		
	Wirahma (tone)		
	Amanat (intention)		